

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMEDASI

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan, implikasi jeung rékomendasi tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun ku panalungtik.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun aya tilu hal nu dicindekkeun. *Kahiji*, kamampuh nulis téks biantara siswa IX I SMPN 1 Rajapolah saméméh ngagunakeun modél *Times Games Tournament* (TGT) kagolong can tuntas kalawan rata-rata peunteun (71,32) tina kritéria KKM 78, anu hartina nilaina masih di handapeun KKM. Ieu hal dumasar kana aspék anu di peunteun dina nulis téks biantara diantarana waé raraga nulis, mamans basa, struktur kalimah, éjahan, jeung karapihan tulisan. Kamampuh nulis téks biantara dina aspék raraga nulis kagolong handap rata-rata skorna 13,84 anu nilai maksimum 20, dina aspék struktur mamans basa kagolong handap rata-rata skorna 13,72 anu nilai maksimumna 20, dina aspék struktur kalimah ogé kagolong handap rata-rata nilaina 15,04 anu nilai maksimumna 20, aspék éjahan ogé kagolong handap rata-rata skorna 14,52 anu nilai maksimumna 20, jeung aspék karapihan tulisan ogé handap rata-rata skorna 14,2 anu nilai maksimumna 20.

Kadua, kamampuh nulis téks biantara siswa IX I SMPN 1 Rajapolah sanggeus ngagunakeun modél *Times Games Tournament* (TGT) kagolong geus tuntas kalawan rata-rata peunteun (83,56) tina kritéria KKM 78, anu hartina nilaina geus tuntas luhureun KKM. Ieu hal dumasar kana aspék anu di peunteun dina nulis téks biantara diantarana waé raraga nulis, mamans basa, struktur kalimah, éjahan, karapihan tulisan. Kamampuh nulis téks biantara dina aspék raraga nulis kagolong alus rata-rata skorna 16,92, anu nilai maksimumna 20, dina aspék struktur mamans basa kagolong alus rata-rata skorna 15,84 anu nilai maksimumna 20, dina aspék struktur kalimah ogé kagolong alus rata-rata nilaina 17,12 anu nilai maksimumna 20, aspék éjahan ogé kagolong alus rata-rata skorna 16,88 anu nilai maksimumna 20, jeung aspék dina karapihan tulisan ogé alus rata-rata skorna 16,8 anu nilai maksimumna 20.

Katilu, aya béda anu signifikan antara hasil *pretest* jeung *postest* kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX I SMPN 1 Rajapolah saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Times Games Tournament* (TGT). Ieu hal ogé kapaluruh tina hasil prétest jeung postést aya bédana. Dumasar hasil *pretest* kamampuh nulis téks biantara téh kagolong can tuntas ku sabab nilai rata-rata peunteunna (71,32) tina KKM 78, sedengkeun hasil *postest* kamampuh nulis téks biantara teh kagolong tuntas kusabab nilai rata-rata peunteunna (83,56). Lamun nilik kana hasil uji *parametric t-test*, katitén yén hasil sig. (*2-tailed*) nuduhkeun $0,000 < 0.05$ ku kituna H_1 ditarima sedengkeun H_0 ditolak. Hartina, aya bébédaan anu signifikan antara kamampuh saméméh jeung kamampuh sanggeus ngagunakeun modél *Times Games Tournament* (TGT). Jadi, Hasil ieu panalungtikan ogé manggihan yén modél *Times Games Tournament* (TGT) bisa ngaéféktifkeun pikeun kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX I SMPN 1 Rajapolah taun ajar 2022/2023. Hal ieu dibuktikeun ku hasil identifikasi aya béda sacara signifikan antara kamampuh nulis téks biantara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Times Games Tournament* (TGT).

5.2 Implikasi

Nilik kana hasil penelitian modél *Times Games Tournament* (TGT) miboga implikasi nyaéta modél ieu bisa ditarima ku siswa. Nalika prak-prakan ieu modél bisa ngirut siswa pikeun aktif jeung ngamotivasi siswa sangkan diajar kalawan sumanget, ngajak siswa pikeun gawé bareng jeung babaturan sakelompokna sangkan bisa ngungkulan hiji pasualan anu aya dina éta pertanyaan. Salian ti éta ieu modél ogé numuwuhkeun siswa pikeun mikir kritis. Kakurangan tina ngalarapkeun ieu modél nyaéta waktu anu ka watesan ngabalukarkeun siswa ka buburu nalika ngerjakeun hiji pertanyaan.

5.3 Rekomendasi

Dumasar kana hasil panalungtikan aya sababaraha rékomendasi di antarana:

- 1) Dumasar hasil panalungtikan yén modél pangajaran *Times Games Tournament* (TGT) éféktip pikeun ngaronjatna kamampuh nulis téks biantara. Jadi modél

pangajaran *Times Games Tournament (TGT)* bisa dijadikeun alternatif pikeun pangajaran nulis téks biantara.

- 2) Ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimen, ku sabab kitu perlu ayana panalungtikan anu ngagunakeun métode ékspérimen murni.